# ku noonook sama péete yégal naako ab xare, sama jaam bi du ma jegeñ-jegeñlu ci dara lu ma gënal li ma farataal ci moom

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm-mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Yàlla nee na: ku noonook sama péete yégal naako ab xare, sama jaam bi du ma jegeñ-jegeñlu ci dara lu ma gënal li ma farataal ci moom, sama jaam bi du deñ dima jéema jege ci ay naafila ba ma bëgg ko, te bu ma ko bëggee, maay nekk déggam gi muy dégge, ak gisam gi muy gise, ak loxoom bi muy jàppe, ak tànkam bi muy doxe, bu ma ñaanee ma may ko,bu ma musloo ma musal ko, du ma dengi-dengi ci dara lu may def, samag dengi-dengi mi ngi ci bu may jël bakkanu aji-gëm ji, ndax day bañ a dee,te man dama koy bañ a def lu mu bëggul».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-day xibaare ci hadiis bu sell bii ne Yàlla mu màgg nee na: Ku lor kenn ci wàlliyu ci sama péete yi merloo ko bañ ko yégal naa ko te ko ag nooneel. Péetem Yàlla mooy: aji-gëm ju ragal Yàlla ji, ci kem li nekk ci jaam bi ci ngëm ak ragal Yàlla loolu mooy céram ci nekkam péetem Yàlla. Jullit bi du jegeñ-jegeñlu Boroomam lu ko gënal li mu farataal waral ko ci moom ci ay jaamu ak bàyyi yu araam yi, te jullit bi du deñ di jegeñ-jegeñlu Boroomam ci ay naafila boole ko ak farata yi; ba daal di am mbëggeelug Yàlla. Bu ko Yàlla bëggee Yàlla dana ko jubal ci ñenti cér yii: Dana ko jubal ci ag déggam, du dégg lu dul luy gërëmloo Yàlla. Dana ko jubal ci ag gisam, du xool lu dul lu Yàlla bëgg ñu xool ko te mu gërëmloo ko. Dana ko jubal ci loxoom, du jëf ci loxoom lu dul luy gërëmloo Yàlla. Dana ko jubal ciy tànkam, du dox jëm ci lu dul luy gërëmloo Yàlla, te du dox jëm ci lu dul lu am aw yiw. Ànd ak lii bu ñaanee Yàlla dara Yàlla jox ko li mu laaj, mu nekk ku ñuy nangu ñaanam, bu musloo ci Yàlla làqu ci moom, ngir sàkku kaarànge Yàlla musël ko aar ko ci li muy ragal. Yàlla mu kawe mi daaldi wax ne: duma dengi-dengi ci dara lu may def, samag dengi-dengi mi ngi ci bu may jël bakkanu jullit bi ndax li ma ko yërëm; ndaxte moom day bañ dee ndax li ci nekk ci mettit, te Yàlla day bañ luy metti aji-gëm ji.